

# KONFESYON LAFWA WESTMINSTER

## CHAPIT I. – Sou Ekriti Sent.

1. Vrèmanvre sa nou wè nan lanati, travay kreyasyon an ak lapwovidans rive fè nou wè bonte Bondye, sajès Li ak pisans Li ; sa fè lèzòm pa ka genyen okenn eskiz. Men poutan bagay sa yo pa sifi pou ban nou konesans nou bezwen sou Bondye ak sou volonte Li, bagay ki nesesè pou sove nou. Kidonk, Bondye nan plezi Li, nan divès moman ak nan divès fason, revele nou tèt pa Li, epi li deklare legliz Li a volonte Li. Apre sa, pou Li ka prezève verite a epi pou verite a ka pwopaje, pou Li ka tabli legliz la pi byen epi pou Li ba li rekonfò kont kòripsyon lachè ak kont malis Satan ak lemond, Bondye decide pou tout pawòl la ekri. Sa fè Ekriti sent yo vin pi nesesè, paske fason Bondye te konn revele volonte Li nan tan lontan yo sispann.

2. Sou non Ekriti Sent oubyen Pawòl Bondye ki ekri, genyen tout liv Ansyen ak Nouvo Testaman yo. Liv sa yo se :

### ANSYEN TESTAMAN

Jenèz	Eklesyas
Egzòd	Pi bèl chante a
Levitik	Ezayi
Resansman	Jeremi
Detewonòm	Lamantasyon
Josye	Ezekyèl
Jij	Danyèl
Rit	Oze
1 Samyèl	Jowèl
2 Samyèl	Amòs
1 Wa	Abdyas
2 Wa	Jonas
1 Kwonik	Miche
2 Kwonik	Nawoum
Esdras	Abakouk

Neyemi	Sofoni
Estè	Aje
Jòb	Zakari
Sòm	Malachi
Pwovèb	

## NOUVO TESTAMAN

Levanjil selon:	1 Tesalonisyen
Matye	2 Tesalonisyen
Mak	1 Timote
Lik	2 Timote
Jan	Tit
Travay Apòt yo	Filemon
Lèt Pòl pou Women yo	Lèt pou kretyen Ebre yo
1 Korentyen	Lèt Jak la
2 Korentyen	I ak II Pyè
Galat	I, II, ak III Jan
Efezyen	Lèt Jid la
Filipyen	Revelasyon Jan an
Kolosyen	

Se avèk enspirasyon Bondye nou genyen tout liv sa yo pou yo ka sèvi kòm règleman pou lafwa nou ak lavi nou.

3. Liv ke yo rele apokrif yo, se pa Bondye ki te enspire yo. Yo pa fè pati kanon Ekriti a. Kidonk yo pa gen otorite nan legliz Bondye a. Nou ka rekonèt yo oubyen itilize yo sèlman kòm tout lòt bagay lòm ekri.

4. Otorite Ekriti sent la ki fè moun dwe kwè nan li epi obeyi li pa depann de temwanyaj okenn moun, ni legliz. Li depann de Bondye sèlman (Limenm ki se verite a menm) ki te ekri li a. Pou tèt sa, nou bezwen resevwa li paske li se Pawòl Bondye.

5. Temwanyaj Legliz la ka motive nou epi ankouraje nou pou nou gen yon respè ki gran epi ki sakre pou Ekriti Sent yo. Epi tou, jan sijè li pale yo soti nan syèl, jan doktrin li yo efikas, jan fason li ekri a gen grandè, jan tout pati li yo tonbe daplon youn ak lòt, jan tout pawòl li vize yon sèl bagay (ki se bay Bondye tout glwa), jan tout sa nou dekouvri ladan l

montre nou sèl wout pou lòm sove, jan nou jwenn tout kalite bèl bagay enkonparab nan li ak jan Pawòl la bon nèt ale, tout sa se rezon ki bay anpil prèv byen klè ke li se Pawòl Bondye. Men poutan sa ki pouse nou kwè epi ban nou asirans ke verite pawòl la pa gen mank epi otorite li soti nan Bondye, se travay Sentespri a andan nou ki rann temwanyaj pa mwayen Pawòl la epi ak Pawòl la nan kè nou.

6. Tout plan Bondye a sou tout bagay ki nesèsè pou pwòp glwa Li, ki se delivrans lòm, lafwa ak lavi; se swa nou jwenn yo ekri pou nou dirèkteman nan Labib, oubyen nou ka abouti a sa nan Labib kòm yon konsekans ki bon epi ki nesèsè. Pawòl sa a, nou pa dwe ajoute anyen sou li nan okenn moman, ni ak nouvel revelasyon Lespri ni ak tradisyon lèzòm. Men nou rekonèt li nesèsè pou Sentespri Bondye klere andan kè nou pou nou ka konprann bagay sa yo ki revele nan Pawòl la pou nou ka sove. Nou rekonèt tou gen kèk sikonstans konsènan adorasyon Bondye ak sou gouvènman legliz la, menm jan ak aksyon lèzòm epi nan sosyete a, se sa nou wè nan lanati ak pridans kretyèn ki kapab ede nou deside sou yo. Sa dwe fèt dapre règleman jeneral Pawòl Bondye a ke nou bezwen toujou obsève.

7. Tout bagay nan Labib pa parèt senp menm jan, ni yo tout pa parèt klè pou tout moun. Men bagay sa yo ki nesèsè pou nou konnen, pou nou kwè epi pou nou obsève pou nou kapab sove, yo tèlman esplike byen klè epi yo tèlman devwale byen klè nan yon pati oubyen nan yon lòt nan Ekriti a, sa fè se pa sèlman moun save ki ka konprann yo. Menm moun inyoran yo ka rive nan yon nivo konpreyansyon ki sifi nan bagay sa yo, si yo itilize nan fason ki kòrèk mwayen òdinè yo.

8. Ansyen Testaman an nan lang ebre (ki se te lang manman pèp Bondye a nan tan lontan) ak Nouvo Testaman an nan lang grèk (ke preske tout nasyon yo te konn pale nan tan yo t ap ekri li a), se Bondye ki te enspire yo imedyatman yo te ekri. Bondye te kenbe yo pwòp pandan tout tan ak swen espesyal li epi ak pwovidans li. Kidonk yo otantik. Nan tout diskisyon sou zafè relijyon, legliz la dwe pran yo kòm dènye rekou. Men, paske tout pèp Bondye a ki genyen dwa ak enterè nan Labib pa konnen lang orijinal sa yo ; paske Bondye kòmande yo, akòz krent yo gen pou li, pou yo li epi sonde Ekriti yo, donk yo dwe tradui Labib nan lang pèp la, nan chak nasyon kote Bib la rive. Konsa, Pawòl Bondye a va demere nèt ale nan tout moun, yo va adore Bondye nan yon fason Li asepte. Konsa, grasa pasyans ak ankourajman Lekriti bay, yo ka gen esperans.

9. Règ ki san mank pou entèprete Lekriti se Lekriti limenm menm. Kidonk, lè genyen yon pwoblèm sou vrè sans yon pasaj kèlkonk, sou tout siyifikasyon li (ki pa plizyè sans men yon sèl), yo bezwen chèche sans li pou yo ka konnen l nan lòt pasaj ki pale pi klè sou li.

10. Pi gwo jij ki dwe egzamine polemik sou kesyon relijyon, sou dekrè konsil yo, sou opinion ansyen ekriyen yo, sou doktrin lèzòm ak sou lespri patikilye epi pran desizyon sou yo, epi moun ka konte sou desizyon sa yo, se sèlman Sentespri a ki pale nan Ekriti a.

## **CHAPIT II. – Sou Bondye ak Sent Trinite a.**

1. Genyen yon sèl Bondye ki vivan epi ki vrè. Li pa gen limit nan ekzistans Li ak nan pèfeksyon Li. Li se yon espri ki pi pwòp, Li envizib, Li san kò, san manb nan kò, oubyen san pasyon. Li pa ka chanje, Li gran anpil, Li etènèl, inesplikab, toupisan. Li pi saj, pi sen, pi lib, pi gran. Li fè tout bagay dapre konsèy volonte Li ki pa ka chanje epi ki pi jis, pou pwòp glwa Li. Li plen ak lamou, gras, mizerikòd, pasyans, bonte ak laverite. Li padone inikite, transgresyon ak peche. Li rekonpanse moun k ap chèche l ak tout kè yo. Men poutan Li jis anpil epi Li tèrib nan jijman Li yo. Li rayi tout peche epi Li p ap janm deklare moun ki koupab la inosan.

2. Bondye genyen nan Limenm tout lavi, tout laglwa ak tout benediksyon. Pa manke anyen menm nan Limenm e pou Limenm. Li pa janm gen bezwen kreyati li te fè yo, ni li pa chèche pran laglwa nan men yo. Men sèlman li manifeste pwòp laglwa li nan yo, ak yo, pou yo epi sou yo. Limenm sèl se sous tout ekzistans. Tout bagay soti nan Li, a travè li e yo ale nan Li ; li gen pi gran dominasyon sou yo, pou l fè pa mwayen yo menm, pou yo menm oubyen sou yo menm tout sa ki selon bon plezi li. Devan li, tout bagay louvri epi yo parèt klè. Konesans li pa gen bout, li pa ka fayi, epi li pa depann de kreyati li yo. Konsa, Pou li, pa gen anyen ki fèt sou kondisyon oubyen ki pa sèten. Li sen nèt ale nan tout konsèy Li, nan tout travay Li ak nan tout kòmandman li yo. Zanj yo ak lèzòm ak tout lòt kreyati yo dwe li tout kalite adorasyon, sèvis oubyen obeyisans ki fè l plezi pou l mande yo.

3. Nan yon sèl Bondye a genyen twa pèsòn, ki genyen menm ekzistans, menm pouvwa ak menm letènite. Pèsòn sa yo se Bondye Papa a, Bondye Pitit la ak Bondye Sentespri a. Papa a pa sòti nan pèsòn, ni li pa t pran nesans epi se pa pèsòn ki voye l. Pitit la se Pitit Papa a depi letènite. Sentespri a soti nan Papa a ak nan Pitit la depi letènite.

## **CHAPIT III. – Sou Dekrè Bondye Depi Letènite.**

1. Depi tout letènite, Bondye te kòmande tout bagay ki dwe rive, kèlkeswa sa yo ye, san chanjman, ak tout libète. Li fè sa dapre konsèy pwòp volonte li ki pi saj e pi sen pase tout bagay. Poutan, nan tout bagay sa yo, se pa Bondye ki kreye peche a, ni li pa fè vyolans ak volonte kreyati yo ; li pa retire libète oswa sikonstans ki se dezyèm lakoz yo non plis. Okontrè li etabli yo.

2. Se vre Bondye konnen kèlkeswa bagay ki ka rive nan tèl ou tèl kondisyon, men li pa dekrete anyen paske li te prevwa sa kòm aksyon fiti, oswa kòm bagay ki ta va rive nan tèl ou tèl kondisyon.

3. Nan dekrè Bondye a, pou laglwa li kapab manifeste, kèk moun ak kèk zanj te predestine pou lavi etènèl epi kèk lòt te predestine pou lanmò etènèl.

4. Zanj sa yo ak moun sa yo ki predestine epi ki kòmande davans konsa, Bondye chwazi yo an patikilye epi san chanjman. Kantite yo ye a tèlman sèten, li tèlman fikse, li pa ka ni ogmante ni diminye.

5. Anvan Bondye te poze fondasyon lemond, Li te chwazi sila yo nan limanite ki predestine pou lavi, dapre plan etènèl Li ki pa ka chanje epi dapre konsèy sekrè Li ak bon plezi volonte li. Li chwazi yo nan Kris pou laglwa li ki p ap janm fini an, sèlman dapre gras ak lanmou gratis li a, san li pa t prevwa okenn lafwa, bon zèv, oswa pèseverans nan okenn nan yo, ni okenn lòt bagay nan kreyati a kòm kondisyon oswa kòm koz ki fè Li aji. Epi Li fè tout sa pou louwanj bèl gras li a.

6. Menm jan Bondye te chwazi eli yo pou laglwa, konsa tou li te kòmande davans tout mwayen pou sa nan konsèy volonte li ki etènèl epi ki pi lib. Se poutèt sa, sila yo li te eli yo, ki te tonbe nan Adan, Kris rachte yo. Sentespri Bondye a k ap travay nan yo rele yo, yon fason efikas, pou lafwa nan Kris. Nan tan konvenab, Li rele yo, Li jistifye yo, Li adopte yo, li sanntifye yo epi li kenbe yo ak pouvwa li, pa lafwa, pou sali a. Pa gen okenn lòt ke Kris rachte ki resevwa apèl efikas la, ki jistifye, adopte, sanntifye epi sove; se eli yo sèlman.

7. Pou rès limanite, Bondye nan plezi li, dapre konsèy pwòp volonte li ke pèsonn pa ka sonde, ke li sèvi pou lonje mizerikòd li oubyen pou l kenbe l, selon sa ki fè l plezi, pou laglwa pouvwa li ki granmoun sou kreyati li yo, li pa chwazi yo. Li kòmande yo pou yo jwenn dezonè ak kòlè li pou peche yo, pou louwanj jistis laglwa li a.

8. Nou dwe manyen doktrin gwo mistè predestinasyon sa a ak yon pridans espesyal epi avèk swen, dekwa pou lèzòm ki fè atansyon a volonte Bondye epi obeyi volonte li ki revele nan Pawòl li, kapab gen asirans eleksyon etènèl yo, paske yo sèten de apèl efikas yo. Konsa, doktrin sa a kapab ban nou rezon pou bay Bondye louwanj, reverans ak admirasyon. Li kapab bay rezon pou imilite, dilijans ak anpil konsolasyon pou tout moun ki obeyi levanjil la ak tout senserite.

#### **CHAPIT IV. – Sou Lakreyasyon.**

1. Se te plezi Bondye Papa a, Pitit la ak Sentespri a, pou laglwa etènèl Li ka manifeste nan pouvwa Li, sajès Li ak bonte Li, pou l kreye nan kòmansman oswa pou l fè soti nan anyen, lemond ak tout bagay ki ladan l, sa ki vizib ak sa ki envizib, nan espas sis jou, epi tout bagay te bon.

2. Lè Bondye te fin fè tout lòt kreyati yo, Li te kreye lòm, li te kreye fanm ak gason, avèk nanm ki gen lazezòn epi ki pa ka mouri. Li te ba yo konesans, lajistis, ak lasentete tout bon dapre pwòp imaj li; yo te gen lalwa Bondye ekri nan kè yo ak pouvwa pou yo akonpli li. Men poutan yo te ken posiblite pou yo vyole lalwa sa a, paske yo te rete avèk libète pwòp volonte yo ki te ka chanje. Anplis de lalwa sa a ki te ekri nan kè yo, yo te resevwa yon kòmandman pou yo pa manje nan pye bwa konesans byen ak mal la. Lè yo te obsève kòmandman sa a, yo te byennere nan kominyon yo ak Bondye, epi yo te gen dominasyon sou kreyati yo.

#### **CHAPIT V. – Sou Lapwovidans.**

1. Bondye ki se gran Kreyatè tout bagay la, soutni, dirije, dispoze epi gouvène tout kreyati yo, tout aksyon yo ak tout bagay, soti nan sa ki pi gwo pou rive menm nan sa ki pi piti, ak pwovidans li ki pi saj epi ki pi sen. Li fè sa dapre konsepsyon li genyen davans epi ki pa ka fayi, dapre konsèy pwòp volonte li ki lib e ki pa ka chanje, pou louvanj laglwa sajès li, pouvwa li, jistis li, bonte li ak mizerikòd li.

2. Se vre Bondye ki se premye koz la fè tout bagay rive san mank ak san chanjman posib akòz konsepsyon li genyen davans lan epi dekrè li a. Men, nan menm pwovidans sa a, li kòmande pou yo rive, dapre nati dezyèm koz, swa yon jan ki nesèsè, oswa yon jan ki lib, oswa yon jan ki kondisyonèl.

3. Nan pwovidans òdinè li, Bondye sèvi ak mwayen. Men li lib pou li travay san mwayen, pi wo pase mwayen yo, e menm kont mwayen yo, dapre plezi li.

4. Pouvwa toupisan Bondye a, sajès li yo pa ka sonde a ak bonte li ki pa gen bout, tèlman parèt aklè jiska prezan nan pwovidans li, ke li lonje rive jouk nan pwemye tonbe lòm te tonbe nan peche a ak nan tout lòt peche zanj yo ak peche lèzòm. Epi sa, se pa ak yon senp pèmasyon men se kòm si li te mare yo ak yon rapò ki pi saj e pi pisan. Kidonk, li kòmande yo epi li gouvènen yo divès fason dapre pwòp bi pa l ki sen. Men poutan, peche soti nan kreyati a sèlman. Li pa soti nan Bondye, li menm ki pi sen e pi jis, li pa ka lotè peche a, ni li pa ka dakò ak li.

5. Anpil fwa, Bondye ki pi saj la, ki pi jis la epi ki gen plis gras la ka kite pwòp pitit li yo tonbe anba anpil tantasyon ak kòripsyon pwòp kè yo pandan yon tan. Li fè sa pou l ka pini yo poutèt ansyen peche yo, oubyen pou l ka montre yo fòs kache kòripsyon an ak jan kè yo ka twonpe yo, pou yo kapab viv nan imilite. Pou l ka fè yo depann de li plis, pi sere, epi toutan; pou yo jwenn sipò nan Li, epi pou l fè yo veye plis tout okazyon peche k ap vini yo, epi pou tout lòt divès kalite bi ki jis epi ki sen.

6. Kanta pou lèzòm mechan sa yo ke Bondye kòm yon jij ki jis avegle epi fè kè yo di poutèt peche pase yo, se pa sere li sere gras li pou yo ase, gras ki te ka klere entelijans yo epi travay nan kè yo, men tou pafwa li retire don yo te genyen epi li mete yo nan kèk sitiyasyon kote kòripsyon yo ka bay okazyon pou yo peche. An plis de sa, li abandone yo nan konvwatiz yo, nan tantasyon lemond ak anba pouvwa satan. Lè sa a, yo fè kè yo vin di, menm ak mwayen sa yo Bondye itilize pou fè kè lòt yo vin pi soup.

7. Menm jan pwovidans Bondye touche tout kreyati an jeneral, konsa tou, nan yon fason espesyal, pwovidans li pran swen legliz Li a, epi li sèvi ak tout bagay pou byen legliz la.

## **CHAPIT VI. – Sou Tonbe Lòm Tonbe nan Peche a, Sou Peche a ak Pinisyon li.**

1. Lè satan te sedwi premye paran nou yo ak riz li epi ak tantasyon li, yo te peche lè yo te manje fri Bondye te defann yo manje a. Peche sa a ki se peche pa yo, sa te fè Bondye plezi pou l te pèmèt li rive, dapre konsèy li ki saj epi ki sen. Li te dekrete sa nan bi Li pou pwòp glwa Li.

2. Akoz peche sa a, yo pèdi jistis ak kominyon orijinal yo te genyen ak Bondye a. Konsa, yo vin mouri nan peche, epi yo sal nan tout pati ak nan tout kapasite nanm yo ak kò yo.
3. Yo menm ki se rasin tout limanite, santiman koupab peche a te tonbe sou do yo. Menm lanmò nan peche a ak nati kòripsyon an ale jwenn tout posterite yo ki soti nan yo pa mwayen jenerasyon òdinè.
4. Nan nati kòripsyon orijinal sa a ki fè nou vin pa dispoze menm, nou vin pa kapab menm pou fè sa ki byen, ki fè nou opoze ak tout sa ki byen, epi ki fè nou vin gen panchan pou tout sa ki mal, se ladan l tout vyolasyon lalwa Bondye yo ke nou fè reyèlman vre a soti.
5. Kòripsyon nati sa a rete nan sila yo ki rejenere yo pandan lavi sa a. Epi tou, menm si nan Kris li jwenn padon epi nou konbat li, men poutan tout nati sa a menm ak tout aksyon li yo se peche tout bon vre e san mank.
6. Tout peche, ni peche orijinèl la, ni peche kounye a, yo se vyolasyon lalwa Bondye epi yo kontrè ak lalwa Bondye. Akoz de sa, nan nati peche a menm, li rann pechè a koupab. Sa fè li anba kòlè Bondye ak madichon lalwa. Poutèt sa tou, li kandida pou lanmò ak tout mizè espiritiyèl yo, mizè nan lavi sa a ak mizè etènèl.

## **CHAPIT VII. – Sou Alyans Bondye ak Lòm.**

1. Distans ki genyen ant Bondye ak Kreyati a tèlman gran, sa fè menm si kreyati ki gen larezon yo dwe obeyi Bondye kòm Kreyatè yo, yo pa t ap ka janm tire okenn benefis nan Bondye kòm benediksyon yo ak rekonpans yo. Men ak yon favè volontè bò kote Bondye, li esprime l selon plezi li pa mwayen yon alyans.
2. Premye alyans Bondye te fè ak lòm se te yon alyans travay. Nan alyans sa a, Bondye te pwomèt Adan lavi. Nan Adan Bondye te pwomèt posterite li yo lavi sa a tou ak yon kondisyon pou lòm obeyi Bondye san mank epi pèsònèlman.
3. Lè lòm tonbe nan peche a, li te montre li pa kapab jwenn lavi pa mwayen alyans sa a. Seyè a te pran plezi pou l fè yon dezyèm alyans ke yo rele alyans lagras. Nan alyans sa a Li ofri pechè yo lavi ak sali gratis pa mwayen Jezikris. Li mande pou yo gen lafwa nan Li pou yo kapab sove epi li pwomèt pou l bay tout moun li te chwazi pou lavi etènèl yo Sentespri Li, pou l ba yo volonte ak kapasite pou yo kwè.
4. Anpil fwa, alyans sa a pote non Testaman nan Lekriti. Sa fè sonje lanmò Jezikris ki se lotè testaman an. Sa fè sonje tou eritaj etènèl la ak tout bagay ki mache ak li yo epi tout kado li genyen ladan l.
5. Alyans sa a te dirije nan yon fason diferan nan tan lalwa ak nan tan Levanjil la. Nan tan lalwa, li te egzekite pa mwayen pwomès yo, pwofesi yo, sakrifis yo, sikonsizyon, mouton fèt pak la, ak lòt senbòl ak òdonans Bondye te bay pèp Jwif la. Tout bagay sa yo te montre davans Kris la ki ta pral vini. Nan tan sa a, yo tout te sifi epi efikas, pa mwayen operasyon Sentespri a, pou anseye epi edifye eli yo nan lafwa yo te genyen nan Mesi

Bondye te pwomèt la. Se nan li yo te jwenn padon nèt pou tout peche yo te fè ak sali etènèl. Tan sa a rele Ansyen Testaman.

6. Nan tan levanjil la, lè Kris, ki se tout bagay la, te parèt, òdonans kote alyans sa a te ekzekite se predikasyon Pawòl la ak administrasyon sakreman Batèm ak Lasentsèn. Sakreman sa yo, menm si yo pa anpil nan kantite yo, menm si yo pi senp nan jan yo administre yo, epi menm si yo gen mwens bèlte ki frape je moun, men poutan laglwa yo parèt plis total, ak plis prèv, ak plis efikasite espiyèl pou tout nasyon yo, ni jwif ni payen. Tan sa a rele Nouvo Testaman. Kidonk pa genyen de alyans lagras ki diferan nan reyalyite yo, men genyen yon sèl e menm alyans lagras la nan plizyè dispansasyon diferan.

## **CHAPIT VIII. - Sou Kris, Medyatè a.**

1. Nan plan etènèl Bondye, sa te fè l plezi pou l chwazi sèl Pitit li a epi pou l dekrete l kòm Medyatè ant Bondye ak lòm, kòm Pwofèt, Prèt ak Wa, kòm Chèf ak Sovè Legliz Li a, kòm eritye tout bagay epi kòm jij lemond. Depi tout letènite, Bondye ba li yon pèp kòm semans Li ; se va yon pèp, nan tan pa Li, Li va rachte, rele, jistifye, sanntifye epi glorifye.

2. Pitit Bondye a, dezyèm pèsòn nan Trinite a, se Bondye menm Li ye depi letènite. Li fè yon sèl avèk Papa a epi Li egal ak Li. Lè tan an te fin akonpli, Li te pran nati lòm, avèk tout pwopriyete ki nesèsè nan lòm, ak feblès lòm pataje, men poutan li te san peche. Li te fòmè pa mwayen pisans Sentespri a, nan vant lavyèj Mary. Li te gen menm nati ak li. Konsa, genyen de nati ansanm ki diferan, ki konplèt epi ki pafèt ki mare ansanm san separasyon nan yon sèl pèsòn, san konvèsyon, san konpozisyon, san konfizyon : divinite ak limanite. Pèsòn sa a se Bondye menm epi se lòm menm. Men poutan se yon sèl Kris, sèl Medyatè ant Bondye e lòm.

3. Senyè Jezi, nan nati lòm li ki ini ak nati Bondye li, te sanntifye epi konsakre ak Sentespri a, nan yon kantite ki san mezi. Li te gen nan li tout trezò lasajès ak konesans. Se nan li tout plenitud te abite selon bon plezi Papa a. Se konsa tou li te sen, inosan, san tach, plen ak gras epi verite, pou l te kapab byen pare pou okipe fonksyon Medyatè ak Garanti. Fonksyon sa a, se pa li menm ki pran l pou kont li, men se Papa a ki rele l, ki mete tout pouvwa ak jijman nan men li, epi li ba li kòmandman pou l ekzekite yo.

4. Pou Senyè Jezi te ka akonpli fonksyon sa a ke l te asepte ak kè kontan, li te fèt sou lalwa, epi li te akonpli lalwa avèk pèfeksyon. Li te andire touman ki te di nan nanm li ak soufrans ki te pi tèrib nan kò li. Yo te krisifye l, li te mouri. Yo te antere l, epi li te rete anba pouvwa lanmò men poutan kò li pa t rive nan pouriti. Sou twazyèm jou a, li te leve soti nan lanmò avèk menm kò li te soufri a. Ak menm kò sa a tou li moute nan syèl la, li chita adwat Papa a, l ap entèsede pou nou, epi li va retounen pou jije lèzòm ak zanj yo, nan lafen mond lan.

5. Senyè Jezi te satisfè nèt ale jistis Papa li, nan obeyisans pafèt li ak sakrifis pwòp tèt li ke li te ofri yon fwa pou tout bay Bondye, pa mwayen Lespri etènèl la. Li pa t sèlman



achte rekonsilyasyon men tou yon eritaj pou tout tan nan wayòm syèl la pou tout sila yo Papa a te ba li a.

6. Vrèmanvre se sèlman apre enkanasyon li Kris te fè travay redanmsyon an, men li te kominike eli yo kalite, efekasite ak byenfè redanmsyon an depi tout tan, soti nan kòmansman lemond nan pwomès yo, senbòl yo, ak sakrifis yo. Nan yo li te revele epi li te parèt kòm pitit fanm nan ki ta va kraze tèt sèpan an, epi kòm lanyo yo te touye a depi nan kòmansman lemond. Li se menm nan ayè, jodi a ak pou tout tan.

7. Nan travay medyatè li, Kris aji dapre toulede nati li yo. Nan chak nati, li fè sa ki konvenab pou nati sa a. Men, paske li se yon sèl pèsòn, sa ki konvenab pou yon nati konn pase pou pèsòn ki nonmen nan lòt nati a nan Lekriti.

8. Pou tout moun Kris te achte redanmsyon an, se sèten ke li aplike epi kominike yo redanmsyon an nan yon fason ki efikas. L ap entèsede pou yo epi li revele yo mistè sali a nan Pawòl la epi pa mwayen Pawòl la. Li ankouraje yo nan yon fason ki efikas pou yo kwè epi obeyi pa mwayen Lespri li, epi li dirije kè yo ak Pawòl li epi ak Lespri li. Li pote viktwa sou tout lènmi yo ak tout pouvwa li epi ak sajès li, nan fason ak mwayen ki pi dakò ak dispansasyon li ki estraòdinè e ke lòm pa ka sonde.

## **CHAPIT IX. - Sou Volonte Lib**

1. Bondye te mete nan volonte lòm yon libète natirèl. Libète sa a, pa t gen okenn nesosite nan la nati ki te fòse l oswa fè l pran desisyon pou fè sa ki byen oswa sa ki mal.

2. Lè lòm te nan kondisyon inosans la, li te gen libète ak pouvwa pou l te vle epi pou l te fè sa ki bon ak sa ki agreyab devan Bondye. Men poutan, li te ka chanje ; kidonk li te ka tonbe soti nan kondisyon sa a.

3. Lè lòm te tonbe nan kondisyon peche a, li te pèdi tout kapasite volonte li te genyen pou fè okenn bagay espirityèl ki bon pou mache ak sali a. konsa, lòm natirèl pa kapab konvèti tèt li ak pwòp fòs li, ni li pa kapab prepare tèt li pou sa, paske li se lènmi sa ki bon epi li mouri nan peche.

4. Lè Bondye konvèti yon pechè epi li transfere l nan kondisyon lagras la, li libere l soti anba esklavaj natirèl peche, epi ak gras li sèlman, li rann li kapab vle epi fè ak tout libète sa ki bon espirityèlman. Men malgre sa, paske li gen yon rès kòripsyon nan li, li pa ka fè avèk pèfeksyon ni li pa vle pafètman sa ki byen, men li vle fè tou sa ki mal.

5. Se nan eta laglwa a sèlman volonte lòm va vin lib pafètman ak san chanjman pou fè sa ki bon sèlman

## **CHAPIT X. - Sou Apèl Efikas**

1. Tout sila yo Bondye te predestine pou gen lavi, e yo menm sèlman, li pran plezi pou li rele yo nan yon fason ki efikas, nan tan li fikse epi asepte, pa mwayen Pawòl li ak Lespri li. Li rele yo soti nan kondisyon peche ak lanmò yo ye a dapre lanati pou yo vin nan

kondisyon lagras ak sali pa mwayen Jezikris. Li eklere lespri yo espartyèlman ak nan kondisyon moun sove, pou yo ka konprann bagay Bondye yo. Li retire kè wòch yo a epi li ba yo yon kè ki gen chè. Li renouvle volonte yo epi pa mwayen pouvwa toupisan li, li fè yo vle fè sa ki bon, epi li atire yo a Jezikris. Poutan, yo vini ak tout libète paske li fè yo vle sa pa mwayen lagras li.

2. Apèl efikas sa a soti nan gras gratis e espesyal Bondye a sèlman. Li pa soti nan okenn bagay Bondye te wè davans nan lòm. Nan tout sa, lòm pasif, jiskaske Sentespri a mete lavi nan li epi transfòme l. Avèk sa, li rann li kapab reponn apèl la epi li ka asepte lagras li ofri ak lagras ki genyen nan li a.

3. Timoun Bondye eli yo, ki mouri pandan yo ti bebe, yo rejenere epi yo sove nan Jezikris, pa myayen Sentespri a ki travay lè sa fè l plezi, kote sa fè l plezi ak jan sa fè l plezi. Se menm bagay la tou pou tout lòt moun ki eli men ki pa kapab jwenn yon apèl pa mwayen ministè Pawòl la.

4. Lòt yo ki pa eli, menm si yo jwenn apèl pa mwayen ministè Pawòl la, e menm si yo ta ka genyen kèk operasyon jeneral Sentespri a, yo pa janm vin jwenn Kris tout bon vre. Kidonk, yo p ap janm ka sove. Ankò mwens, moun ki pa pratike relijyon kretyèn nan pa ka sove pa okenn lòt mwayen, menm si yo fè anpil dilijans pou ranje lavi yo dapre jan lanati eklere yo epi dapre lalwa relijyon yo ap pratike a. Pou yon moun ta di epi mete nan tèt li moun sa yo ka sove, sa se mechanste epi se yon bagay nou dwe deteste.

## **CHAPIT XI. - Sou Jistifikasyon**

1. Sila yo ki resevwa apèl efikas Bondye a, li jistifye yo tout gratis. Se pa paske li fòme lajistis nan yo, men se lè li padone peche yo epi li konte yo ak asepte yo tankou moun ki jis devan li; se pa paske gen yon travay ki fèt nan yo, oswa paske yo fè yon bagay, men pou Jezikris sèlman. Se pa paske li mete lafwa sèlman nan yo, oswa aksyon ki montre ke yo kwè, ni menm yon travay obeyisans levanjil li mete nan yo, ki pou sèvi yo kòm jistis yo. Men, se lè li pran obeyisans ak satisfaksyon Kris la mete sou yo, lè yo resevwa l epi konte sou li ak sou jistis li a pa lafwa. Lafwa sa a, li pa soti nan yo menm, se kado Bondye li ye.

2. Lafwa sa a nou resevwa a, ak jan nou konte sou Kris la ak sou jistis li a, se sèl enstriman jistifikasyon an. Men poutan, li pa sèl nan moun ki jistifye a, men li toujou mache ak tout lòt gras sali a. Epi se pa yon lafwa ki mouri, men se ak lanmou li mache.

3. Pa mwayen obeyisans li ak lanmò li, Kris peye tout dèt moun ki jistifye yo epi li rann jistis Bondye Papa a yon satisfaksyon ki kòrèk, ki reyèl epi ki total, pou eli yo. Men paske Papa a te livre l pou yo, paske li te asepte obeyisans li ak satisfaksyon l nan plas yo, pou granmesi, san l pa t wè anyen nan yo, jistifikasyon yo a se pa lagras gratis sèlman li ye. E sa, se pou jistis Bondye a menm ak gras li ki rich kapab glorifye nan jistifikasyon pechè yo.

4. Depi tout letènite, Bondye te pran dekrè pou l jistifye eli yo, epi lè tan an te akonpli, Kris te mouri pou peche yo epi li te resisite pou jistikasyon yo. Men poutan, yo pa jistifye toutotan Sentespri a pa aplike Kris la tout bon a yo menm nan tan konvenab.

5. Bondye kontinye padone peche moun ki jistifye yo, epi menm lè yo p ap ka janm tonbe pou yo pèdi eta jistikasyon an, yo kapab tonbe anba kòlè Bondye Papa yo akòz peche yo. Yo ka pa rejwenn limyè fas li, jiskaske yo imilye yo, konfese peche yo, mande li padon, epi jiskaske yo retounen nan lafwa yo ak repantans yo.

6. Jistikasyon kwayan yo nan tan Ansyen Testaman an, nan tout aspè sa yo, se te menm bagay ak jistikasyon kwayan yo nan tan Nouvo Testaman an.

## **CHAPIT XII. - Sou Adopsyon**

1. Tout sila yo Bondye jistifye, li fè yo vin patisipe nan gras adopsyon an, nan sèl Pitit li a Jezikris epi pou li sèlman. Gras sa a fè yo konte pami pitit Bondye yo, epi li fè yo patisipe nan tout libète ak nan tout privilèj pitit Bondye yo. Gras adopsyon an fè non Bondye ekri sou yo, yo resevwa Lespri adopsyon an, yo ka pwoche avèk konfyans bò twòn lagras la, yo ka kriye Abba, sa vle di, Papa ; li gen pitye pou yo, li proteje yo, li pran swen yo epi li chatye yo tankou yon Papa. Men poutan, li pa janm voye yo jete, men li mete so li sou yo jis nan jou redanmsyon an. Li ba yo eritaj pwomès yo kòm eritye sali ki p ap janm fini an.

## **CHAPIT XIII. - Sou Sanntifikasyon**

1. Sila yo ki te resevwa apèl efikas la, ki te rejenere epi ki genyen yon kè nouvo ak yon Lespri nouvo ki kreye nan yo, yo vin sanntifye tout bon, pèsònèlman, pa mwayen lanmò ak rezireksyon Kris la, pa mwayen Pawòl li ak Lespri li ki abite nan yo. Dominasyon kò peche a detwi epi tout konvwatiz li yo vin febli plizanplis epi yo vin mouri plizanplis. Epi yo vin gen plis lavi ak plis fòs nan tout gras sali a, nan pratik vrè sentete a, san li menm pèsòn pa va wè Seyè a.

2. Sanntifikasyon sa a nan lòm nan tout pati li yo, men poutan li pa pafè nan lavi sa a paske kèk rès kòripsyon rete nan tout pati li yo. Konsa, gen yon lagè ki leve nan li, k ap kontinye tout tan san posiblite rekonsilyasyon : lachè ap goumen ak Lespri epi Lespri ap goumen ak lachè.

3. Nan lagè sa a, menm si rès kòripsyon an ka pote vikwa pandan yon tan, men avèk pwovizyon fòs ki soti nan travay sanntifikasyon Kris la, se pati rejenere a ki pote vikwa. Konsa, sen yo grandi nan lagras, nan sentete pafèt ak krent pou Bondye.

## **CHAPIT XIV. - Sou Lafwa ki Sove a**

1. Gras lafwa a ki pèmèt eli yo kapab kwè pou nanm yo kapab sove, se travay Sentespri Kris la nan kè yo. Travay sa a fèt òdinèman pa mwayen ministè Pawòl la, pa mwayen

administrasyon sakreman yo ak lapriyè. Se pa mwayen sa yo tou gras sa a ogmante epi fòtifye.

2. Ak lafwa sa a, yon kretyen kwè kèlkeswa sa ki revele nan Pawòl la kòm verite, paske se otorite Bondye menm ki pale nan li. Ak lafwa sa a, yon kretyen aji nan fason diferan sou chak pasaj ki nan Pawòl la; li obeyi kòmandman yo, li tranble devan menas yo, epi li anbrase pwomès Bondye yo pou lavi sa a ak lavi k ap vini an. Men travay prensipal lafwa ki sove a se asepte Kris, resevwa l, epi konte sou li sèlman pou jistifikasyon, santifikasyon, ak lavi etènèl, pa mwayen alyans lagras la.

3. Lafwa sa a gen nivo diferan. Li ka fèb oubyen fò. Byen souvan yo ka atake l nan divès fason, e li ka vin fèb, men li ranpòte laviktwa. Li grandi nan anpil moun jouk yo rive nan asirans total nan Kris, li menm ki se kaptenn lafwa nou, li menm k ap fè lafwa nou vin total.

## **CHAPIT XV. - Sou Repantans Ki Bay Lavi a.**

1. Repantans ki bay lavi a se yon gras levanjil la. Tout minis levanjil dwe preche doktrin sa a menm jan ak doktrin lafwa nan Kris la.

2. Pa mwayen repantans lan, yon pechè pa wè epi santi danje peche li yo sèlman, men tou jan yo sal ak jan yo grav. Li wè jan yo kontrè ak nati Bondye ki sen epi ak lalwa li ki jis. Lè yo rive konprann mizèrikòd Bondye nan Kris pou sila yo ki repanti, yo pran lapenn pou peche yo epi yo rayi yo. Yo vire do bay peche a pou yo tounen vin jwenn Bondye, avèk objektif ak efò pou yo mache ak li nan tout sa li mande nan kòmandman li yo.

3. Vrèman vre moun pa dwe konte sou repantans kòm yon satisfaksyon pou peche yo, ni kòm yon koz pou padon peche yo. Padon peche se travay lagras gratis Bondye nan Kris. Men repantans lan tèlman yon nesosite pou pechè yo, pa gen yon moun ki ka espere jwenn padon san li.

4. Menm jan pa gen okenn peche ki twò piti pou l merite kondanasyon, konsa tou pa gen okenn peche ki twò gran pou l pote kondanasyon pou sila yo ki repanti tout bon.

5. Lèzòm pa dwe kontante yo ak yon repantans jeneral, men se devwa chak moun pou yo fè efò pou yo repanti pou peche pa yo an patikilye.

6. Menm jan tout moun dwe fè yon konfesyon an prive pou peche yo devan Bondye, menm jan yo dwe priye pou padon peche yo epi lè yo abandone yo pou yo jwenn mizèrikòd li, konsa tou, moun ki eskandalize frè li oubyen Legliz Kris la, dwe gen volonte pou deklare repantans yo bay moun yo te ofanse a pa mwayen yon konfesyon an prive ou an piblik. Yo dwe regrèt peche a. Moun sa a tou dwe rekonsilye ak li epi resevwa li ak lamou.

## **CHAPIT XVI. - Sou Bon Zèv**

1. Bon zèw se sèlman sa yo ke Bondye kòmande nan Pawòl li ki sen. Se pa sa lèzòm envante nan zèl avèg yo san okenn garanti, oswa sou pretèks yon bon entansyon.

2. Bon zèw sa yo ki fèt nan obeyisans kòmandman Bondye yo se fwi ak prèv yon lafwa ki vre epi ki vivan. Ak yo menm, kwayan yo manifeste rekonesans yo, yo ranfòse asirans yo, yo edifye frè yo, yo anbeli pwofesyon levanjil la, yo fèmèn bouch advèsè yo, epi yo bay Bondye glwa, paske se chedèw Bondye yo ye. Li kreye yo nan Jezikris pou yo fè bon zèw. Konsa, nan pote fwi pou sanntifikasyon, yo ka genyen alafen, lavi etènèl.

3. Kapasite yo genyen pou fè bon zèw pa soti ditou nan yo menm, men li soti nèt nan Lespri Kris la. Pou yo kapab gen kapasite sa a, an plis tout gras yo deja resevwa yo, yo bezwen yon enfluyans reyèl sentespri a menm pou travay nan yo pou yo ka gen volonte epi pou yo fè l dapre bon plezi Bondye. Men poutan, yo pa dwe fè neglijan kòm si yo dwe akonpli devwa yo si yo pa santi yon pouse espesyal Sentespri a, men yo dwe fè dilijan pou yo mete an mouvman gras Bondye a ki nan yo.

4. Sila yo ki rive nan pi wo nivo ki posib nan lavi sa a pa mwayen obeyisans yo, yo lwen pou yo rive akonpli sa Bondye mande, ale wè pou yo ta depase sa li ekzije, sinon yo rate anpil nan devwa yo gen obligasyon pou yo akonpli yo.

5. Menm ak pi bon zèw nou yo nou pa gen merit pou padon peche nou, ni nou pa ka merite lavi etènèl nan men Bondye akòz gran diferans ki genyen ant zèw nou yo ak laglwa k ap vini an, epi akòz distans san mezi ki genyen ant nou menm ak Bondye. Ak zèw sa yo nou pa ka ni tire pwofi ni yo pa ka bay satisfaksyon pou ansyen peche nou yo. Men lè nou fè tout sa nou kapab, nou sèlman akonpli devwa nou, epi se sèvitè ki pa vo anyen nou ye. Epi, paske zèw yo bon, se nan Lespri Bondye a yo soti ; men paske se nou menm ki fè zèw sa yo, yo sal epi yo tèlman mele ak feblès e enpèfeksyon, yo pa kapab andire severite jijman Bondye a.

6. Poutan, nan Kris, Bondye asepte kwayan yo ; nan li tou, Bondye asepte bon zèw yo fè yo. Se pa paske nan lavi sa a yo san repwòch oswa san blàm devan je Bondye, men lè li gade yo nan pitit li a, li pran plezi pou li asepte epi rekonpanse sa yo ki sensè, menm si yo fèt ak anpil feblès, ak anpil enpèfeksyon.

7. Zèw moun ki pa rejenere yo fè, menm si se bagay Bondye kòmande yo ye, epi menm si yo itil pou moun ki fè yo a ak pou lòt yo ; men, paske yo pa soti nan yon kè ki pirifye ak lafwa, ni paske yo pa fèt nan yon fason ki kòrèk dapre Pawòl la, ni paske yo pa fèt dapre yon motivasyon ki kòrèk, sa vle di pou laglwa Bondye, kidonk yo gen peche nan yo epi yo pa ka fè Bondye plezi, ni yo pa fè yon moun diy pou resevwa gras Bondye. Men poutan, neglije yo se plis peche toujou e se plis parèt dezagreyab devan Bondye.

## **CHAPIT XVII. - Sou Pèseverans Sen yo**

1. Sila yo Bondye te asepte nan Byenneme li a, sa yo ki resevwa apèl efikas li a ak sa yo Lespri li a sanntifye yo, yo pa ka pèdi kondisyon lagras la ni konplètman, ni finalman. Men se sèten, yo va pèsevere ladan l jiska la fen, epi yo va sove pou letènite.

2. Pèseverans sa a pa depann de volonte lib sen yo, men li depann de dekrè eleksyon an ki pa ka chanje epi ki soti nan lamou gratis Bondye Papa a ki pa ka chanje. Sa fèt poutèt

efikasite merit ak entèsasyon Jezikris yo, poutèt Sentespri a ki demere nan yo, poutèt semans Bondye nan yo ak karaktè kontra lagras la. Se tout sa ki fè li sèten epi li pa ka fayi.

3. Men poutan, pa mwayen tantasyon Satan ak lemond, dominasyon rès kòripsyon an ki rete nan yo, ak neglijan mwayen yo genyen pou prezèvasyon yo, yo ka tonbe nan peche grav, epi yo ka kontinye ladan l'pandan yon tan. Konsa, yo soufri kòlè Bondye, yo fè Sentespri a tris, yo vin manke enpe nan gras Bondye yo ak rekoufè li yo, yo fè kè yo vin di, epi konsyans yo blese, yo fè frè yo mal epi yo eskandalize yo, epi yo rale jijman sou tèt yo pandan yon tan.

### **CHAPIT XVIII. - Sou Asirans Lagras la ak Asirans Sali a.**

1. Vrèmanvre ipokrit yo ak sila yo ki pa rejenere ka twonpe tèt yo an ven ak fo lespwa epi ak sipozisyon chanèl ke yo gen favè Bondye ak kondisyon sali a (espwa sa a yo genyen an va peri), men poutan, sila yo ki kwè tout bon nan Seyè Jezi epi ki renmen l'ak senserite, k'ap fè efò pou mache ak yon bon konsyans devan l', yo kapab gen asirans sèten ke yo nan kondisyon lagras la nan lavi sa a, e yo kapab rejwi yo nan esperans laglwa Bondye a, yon esperans ki p'ap janm fè yo wont.

2. Asirans sèten sa a se pa yon ankourajman ki soti nan imajinasyon ak pwobablite ki chita sou yon esperans ki ka fayi ; men se yon asirans lafwa ki pa ka fayi ki fonde sou verite pwomès sali a ki soti nan Bondye, sou prèv ki anndan nou pou gras sa yo paske se pou yo pwomès sa yo te fèt, sou temwanyaj Lespri adopsyon an k'ap rann temwanyaj bay lespri nou pou di nou se pitit Bondye. Lespri sa a se senserite eritaj nou ; avèk li nou gen yon so sou nou pou jou redanmsyon an.

3. Asirans sa ki pa ka fayi a se pa yon pati nan lafwa li ye. Yon vrè kwayan ka tann anpil epi li ka goumen ak anpil difikilte anvan li patisipe ladan l'. Men, lè Sentespri fè li kapab konnen bagay li jwenn gratis nan men Bondye, li kapab rive nan asirans sa a, san yon revelasyon estraòdinè, nan sèvi kòrèkteman ak mwayen òdinè yo. Kidonk, se devwa tout moun pou yo fè tout dilijans pou yo vin gen asirans pou apèl yo ak eleksyon yo. Konsa, kè yo va vin ranpli ak lapè epi ak lajwa nan Sentespri a, nan lamou ak rekonesans pou Bondye, ak nan fòs ak kontantman nan devwa obeyisans yo ki se fwi toutbon asirans sa a, epi ki lwen pou fè lèzòm tonbe nan relachman.

4. Asirans sali vrè kwayan yo kapab ebranle nan divès fason, li kapab diminye, li kapab ale epi tounen, tankou lè yo fè neglijan pou prezève l'; lè yo tonbe nan kèk peche espesyal ki blese konsyans yo epi fè Sentespri a vin tris; pa mwayen kèk tantasyon vyolan, lè Bondye retire limyè fas li, epi menm pèmèt moun ki gen krent pou li yo mache nan fènwa san yo pa gen limyè. Men poutan, yo pa janm manke nèt semans Bondye a, lavi nan lafwa, lamou pou Kris ak pou frè yo, senserite nan kè yo, ak konsyans devwa yo. Grasa tout bagay sa yo, pa mwayen aksyon Sentespri a, asirans sa a kapab reprann fòs nan tan konvenab e se li menm ki va sipòte yo nan gwo dezespwa nan tan difisil yo.

## **CHAPIT XIX. - Sou Lalwa Bondye**

1. Bondye te bay Adan yon lwa, kòm yon alyans travay, kote li te egzije li ak tout posterite l pou yo gen yon obeyisans pèsònèl, total, egzat, ak pou toutan. Li te pwomèt li lavi si li respekte kontra a epi li te menase l ak lanmò si li vyole l. Li te ba li pouvwa ak kapasite pou li obsève l.
2. Apre lòm tonbe nan peche a, lwa sa a te kontinye rete yon règ pafè pou lajistis. Konsa Bondye te bay li sou Mòn Sinayi a, nan dis kòmandman ki te ekri sou de tab. Kat premye kòmandman yo gen devwa nou anvè Bondye epi sis lòt yo gen devwas nou anvè lòm.
3. An plis de lalwa sa a yo rele lalwa moral, Bondye te pran plezi pou l bay pèp Izrayèl, tankou yon legliz ki nan anfans li, lalwa seremonyèl yo, ki genyen divès tip òdonans, an pati pou adorasyon, ki se yon prediksyon pou Kris la, gras li yo, aksyon li yo, soufrans li yo ak byenfè li yo, epi an pati, yo genyen divès enstriksyon sou devwa moral. Tout lwa seremonyèl sa yo aboli nan peryòd Nouvo Testaman an.
4. Pou menm pèp sa a tou, kòm yon kò politik, li te bay divès lwa pou jistis, ki tèmine tou ansanm ak leta pèp sa a. Kounye a lwa sa yo pa gen ekzijans sou pèsòn an plis de sa la jistis an jeneral ka ekzije.
5. Lalwa moral ekzije tout moun obeyisans pou tout tan, ni sila yo ki jistifye, ni lòt yo. Epi se pa poutèt sa ki nan lwa a, men akoz otorite Bondye, kreyatè a, ki te bay lalwa a. Jezikris pa t aboli l tou nan levanjil la, men li te plis ranfòse obligasyon sa a.
6. Vrèmanvre vrè kwayan yo pa anba lalwa kòm yon kontra travay ki ka jistifye yo oswa kondane yo, men li itil yo epi li itil lòt yo tou. Paske, kòm règ pou lavi yo, li fè yo konnen volonte Bondye ak devwa yo genyen. Li dirije yo epi li ekzije yo pou yo mache kòm sadwa; li fè yo dekouvri jan nati yo, kè yo ak lavi yo sal ak peche. Konsa, lè yo ekzamine tèt yo ak lalwa sa a, yo ka vin gen plis konviksyon pou peche yo, yo ka imilye yo pou peche yo, yo ka rayi peche a, epi yo ka vin wè pi klè bezwen yo genyen pou Kris ak obeyisans li ki pafèt. Li itil moun ki rejenere yo tou, pou l ka jennen kòripsyon yo paske li entèdi peche, epi menas li yo montre sa peche yo merite. Li montre tou ki afliksyon yo ka atann yo nan lavi sa a menm si yo libere anba madichon lalwa menase yo a. Menm jan an tou, pwomès lalwa yo montre ke Bondye dakò avèk obeyisans epi li montre ki benediksyon yo ka jwenn si yo obsève l, menm si lalwa pa ba yo dwa sa a tankou yon alyans travay. Konsa, yon moun ki fè sa ki byen epi ki pa fè sa ki mal paske lalwa ankouraje youn epi li pini lòt, se pa yon prèv ke li anba lalwa ni yon prèv ke li pa anba lagras.
7. Itilite lalwa sa yo ki mansyone la yo pa depaman nonplis ak lagras levanjil la men li mache kòt a kòt ak li. Lespri Kris la soumèt volonte lòm epi li fè l ka akonpli ak libète, ak lajwa sa volonte Bondye ki revele nan pawòl li ekzije l fè.

## **CHAPIT XX. - Sou Libète Kretyèn ak Libète Konsyans**

1. Libète Kris la te achte pou kwayan yo nan Levanjil la se liberasyon yo anba kilpabilite peche a, kondanasyon kòlè Bondye, malediksyon lalwa moral ak delivrans yo nan mond mechan sa a anba esklavaj satan ak dominasyon peche. Se delivrans yo anba mal afliksyon yo, anba pikan lanmò, la viktwa sou tonbo ak kondanasyon etènèl, men tou yon libète pou yo pwoche kot Bondye epi pou yo obeyi li, pa paske yo pè li tankou yon esklav pè mèl li, men tankou lanmou yon pitit ak bòn volonte. Kwayan nan peryòd lalwa yo te abitye ak tout bagay sa yo. Men, nan peryòd Nouvo Testaman an, libète kretyen yo vin pi plis paske yo libere anba jouk lalwa seremonyèl legliz jwif yo te esklav la, epi yo gen plis asirans pou pwoche devan twòn lagras la epi yo kominike ak plis libète e pi plis ak Lespri Bondye pase jan Kwayan yo sou tan lalwa te konn patisipe.

2. Se Bondye sèlman ki mèl konsyans. Li kite l lib fas ak doktrin ak kòmandman lèzòm ki depaman ak Pawòl li, nan kesyon lafwa oubyen adorasyon. Konsa, kwè doktrin sa yo oswa obeyi kòmandman sa yo ak konsyans, se trayi vrè libète konsyans lan; se ekzije yon lafwa ki pa klè ak yon obeyisans total epi avèg; se detwi libète konsyans ak la rezon tou.

3. Sila yo ki pran pretèks libète kretyèn pou yo pratike peche oswa nourri konvwatiz, yo detwi objektif libète kretyèn nan, ki se sèvi Seyè a san krent, nan sanntifikasyon ak ladwati devan li, pandan toulèjou nan lavi nou, paske li delivre nou anba men lènmi nou yo.

4. Se vre pouvwa Bondye bay yo ak libète Kris te achte a, se pa plan Bondye pou yo detwi moun, men pou yo soutni epi prezève youn lòt. Kidonk, sila yo ki pran pretèks libète kretyèn pou yo kanpe ankwa kont pouvwa ki lejitim ou kont ekzèsis pouvwa sa a, keseswa pouvwa sivil oswa eklesyastik, moun sa yo reziste kont òdonans Bondye. Epi, si yo mache gaye opinyon sa yo, oubyen si yo kenbe mòd pratik sa yo ki kontrè ak limyè lanati oubyen kont prensip krisyanis yo ki byen klè (swa konsènan lafwa, adorasyon, oubyen konvèsasyon), oubyen kont puisans Bondye; si yo mache gaye opinyon ak pratik sa yo ki plen erè nan yo menm menm oswa nan jan yo ap mache simen yo a oswa nan jan yo ap pratike yo, si yo fè sa nan yon jan ki ka detwi lapè ak lòd Kris etabli andan legliz la, yo dwe rele yo dapre lalwa pou yo rann kont.

## **CHAP. XXI. - Sou Adorasyon Relijye ak Jou Saba**

1. Sa nou wè nan lanati montre genyen yon Bondye ki gen tout pouvwa e ki se Seyè sou tout bagay. Li bon epi li fè sa ki bon pou tout moun. Kidonk nou bezwen gen krent pou li, renmen li, fè lwanj li, envoke non li, kwè nan li, sèvi li ak tout kè nou, ak tout nanm nou, ak tout fòs nou. Men fason ki aseptab pou nou adore vrè Bondye a, se li menm ki fikse l epi li limite l nan pwòp volonte li jan li revele nou li. Konsa, nou pa ka adore l dapre imajinasyon ak mwayen lòm fabrike, oubyen dapre sa satan sijere, ni dapre okenn reprezantasyon vizib, ni dapre okenn lòt fason Lekriti Sent pa preskri.

2. Adorasyon relijye se pou Bondye Papa a, Pitit la ak Sentespri a ; epi se pou li sèlman. Se pa pou zanj yo, se pa pou sen yo, ni pou okenn lòt kreyati. E depi lòm tonbe nan peche



a, sa pa dwe fèt san yon Medyatè, ni li pa dwe fèt pa mwayen okenn lòt medyatè ki se Kris sèlman.

3. Bondye ekzije tout moun lapriyè ak aksyon de gras ki se yon pati espesyal nan adorasyon relijye. Pou Bondye ka asepte l, fòk li fèt nan non Pitit la, avèk èd Sentespri a, dapre volonte Bondye; fòk li fèt ak konpreyansyon, respè, imilite, san relache, ak lafwa, lanmou, epi pèseverans. Si li fèt awotvwa, li dwe fèt nan yon lang moun konnen.

4. Lapriyè dwe fèt pou bagay ki legal ak pou tout kalite moun k ap viv, ou ki va vin viv. Men lapriyè pa dwe fèt pou moun ki mouri, ni pou sila yo nou konnen ki komèt peche ki mennen nan lanmò a.

5. Lekti Ekriti yo ak krent pou Bondye, predikasyon solid ak koute Pawòl la ak atansyon, nan obeyisans pou Bondye, avèk entelijans, lafwa ak respè ; chante sòm ak lagras nan kè nou, men tou administre sakreman Kris te etabli yo epi resevwa yo nan yon fason ki diy e konvenab, tout sa yo fè pati nan adorasyon relijye òdinè pou Bondye. A kote sa yo genyen sèman relijye, ve, jèn ak aksyon de gras nan okasyon espesyal. Nan tan ak nan sezon pa yo, nou dwe itilize yo nan yon fason sen e relijye.

6. Ni lapriyè, ni okenn lòt pati nan adorasyon relijye yo, kounye a nan peryòd levanjil la, pa ni mare ak yon plas ni yo pa vin pi aseptab paske li fèt tèt kote oswa nan tèt direksyon. Men nou dwe adore Bondye toupatou, nan lespri ak nan laverite, nan adorasyon prive nan fanmi yo chak jou, an sekre chak moun pou kont yo. Menm jan an tou nou dwe adore pi solanèl nan asanble piblik. Nou pa dwe neglije asanble yo, ni abandone yo akòz ensousyans oubyen ak pwòp volonte nou lè Bondye rele nou nan Pawòl li oswa nan pwovidans li pou nou ale nan yo.

7. Kòm se yon lwa lanati pou tout moun an jeneral mete apa yon bon moso nan tan yo pou adorasyon Bondye, konsa nan pawòl li, nan yon kòmandman pozitif, moral, ki la pou tou tan, ki oblije tout moun nan tout syèk, Bondye fikse yon jou sou sèt an patikilye, kòm yon saba ke nou dwe kenbe sen pou li. Soti nan kòmansman lemonn pou rive nan rezireksyon Kris la, saba sa a se te dènye jou nan semen nan; depi nan rezireksyon Kris, li te chanje an premye jou nan semèn nan. Nan Lekriti, li rele Jou Seyè a, epi li dwe kontinye jouk rive nan fen mond lan kòm Saba Kretyen.

8. Nou obsève Saba sa a sen pou Seyè a, lè nou fin byen prepare kè nou, epi byen ranje zafè òdinè nou davans, lè nou pa sèlman obsève yon repo ki sen pou tout travay nou, pawòl nou, ak panse nou sou travay ak plezi ki nan mond sa a pandan tout jounen an, men tou lè nou pase tout jounen an nan ekzèsis adorasyon piblik ak prive pou Bondye ak nan travay ki yon nesosite ak travay charite.

## **CHAPIT XXII. - Sou Sèman ak Ve ki Legal yo**

1. Yon sèman ki legal gen plas nan adorasyon relijye. Nan sèman sa a, nan okazyon konvenab, moun k ap sèman a envoke non Bondye kòm temwen sou sa l ap sèman a oubyen sou sa l ap pwomèt la nan yon fason ki solanèl. Epi li mande pou Bondye jije l dapre verite oswa mansanj ki mache ak sèman an.

2. Se nan non Bondye sèlman moun dwe fè sèman, e nan sèman sa a nou dwe sèvi ak non li ak yon krent ki sen epi ak reverans. Kidonk, si nou fè sèman an ven, oubyen ak tèt cho nan Non de glwa sa a, Non tèrib sa a ; oswa si nou fè sèman sou nenpòt lòt bagay, sa se peche e nou dwe deteste sa. Men kanta pou enpòtans li ak moman li dwe fèt, nou jwenn garanti pou yon sèman nan Pawòl Bondye, nan Nouvo Testaman an menm jan ak nan Ansyen an. Kidonk, yon sèman ki lejitim, ke yon otorite lejitim enpoze, se yon sèman nou dwe fè.

3. Nenpòt moun ki fè yon sèman dwe konsidere enpòtans yon aksyon solanèl konsa. Nan sèman sa a li dwe deklare sèlman sa li kwè ki se laverite. Menm jan an tou, yon moun dwe angage l sèlman ak yon sèman pou bagay ki bon epi ki jis sèlman, ak sa li kwè ki bon e jis, ak sa li ka fè oubyen sa li pran rezolisyon pou l fè.

4. Nou dwe fè yon sèman ak mo ki klè, mo moun abitye itilize, san yo pa la pou eseye twonpe moun, san nou pa gen lòt lide dèyè tèt nou. Li pa ka oblije nou fè peche ; men nan tout bagay ki pa peche, si nou fè yon sèman, nou bezwen akonpli l, menm si se pou pwòp malè moun ki akonpli l la. Nou pa dwe vyole l tou, menm si nou te fè l bay moun ki eretik oswa payen.

5. Yon ve se tankou yon sèman ki fèt ak yon pwomès. Li bezwen fèt ak menm swen relijye yo, epi nou bezwen akonpli l ak menm fidelite a.

6. Nou pa dwe fè ve devan okenn lòt kreyati, men devan Bondye sèlman. Pou ve sa a aseptab, fòk li volontè, fòk li fèt ak lafwa, ak konsyans devwa nou, ak rekonesans pou mizèrikòd nou resevwa oubyen pou resevwa nou resevwa sa nou bezwen. Ak ve sa a, nou pran yon angajman sere pou nou akonpli devwa ki nesesè yo oubyen pou nou fè lòt bagay tout tan yo ka ede nou akonpli ve sa yo nan fason konvenab.

7. Pèsòn pa gen dwa fè yon ve pou l fè sa ki entèdi nan Pawòl Bondye a oswa yon ve ki ka jennen l nan sa Bondye kòmande nan Pawòl li, oubyen sa ki pa nan pouvwa li, oubyen li pa gen pwomès otorizasyon nan men Bondye pou l fè l. Konsa, ve mwàn yo ak pap yo fè pou yo rete selibatè pou tout tan, ve povrete ak obeyisans yon règ, bagay sa yo byen lwen pou yo ta yon degre gran pèfeksyon. Se pito sipètasyon ak pyèj peche. Okenn kretyen pa dwe kite yo anpetre yo nan yo.

## **CHAP. XXIII. - Sou Otorite Sivil**

1. Bondye ki se Seyè tout seyè yo ak Wa tout wa yo sou tout latè mete otorite sivil yo pou yo ka anba li, sou tèt pèp la, pou pwòp glwa li ak pou byen piblik. Poutèt sa, li ba yo pouvwa pou pote epe, pou defann ak ankouraje sila yo ki fè byen, epi pou pini sila yo ki fè mal.

2. Li lejitim pou yon kretyen asepte epi ekzekite fonksyon otorite sivil lè li gen apèl pou sa. Lè yo ap ekzèse fonksyon sa a, yo dwe fè efò espesyal pou yo genyen pyete, la jistis ak lapè, dapre lalwa chak peyi. Konsa, li lejitim pou yo fè lagè, kounye a nan tan Nouvo Testaman an, nan okazyon ki nesesè epi ki jis.

3. Otorite sivil pa dwe pran sou reskonsablite yo administrasyon Pawòl la ak Sakreman yo, ni pouvwa kle wayòm syèl la, ni menm pou yo ta foure bouch yo nan kesyon lafwa. Men, tankou yon papa k ap pran swen pitit li, se devwa otorite sivil yo pou yo pwoteje legliz Seyè nou an ki se Seyè yo tou, san yo pa bay okenn denominasyon kretyen preferans sou lòt yo. Konsa, tout otorite legliz kelkeswa sa yo ye ka gen tout libète total, gratis, san kontestasyon pou yo ekzèse fonksyon sakre yo san vyolans ni danje. E kòm Jezikris te tabli yon gouvènman ak yon disiplin regilye nan legliz li a, pa gen okenn lwa nan okenn peyi ki dwe anpeche yo ekzèse oubyen jennen pouvwa sa a pou manm volontè nan yon denominasyon kretyen ki an akò ak pwofesyon lafwa yo, ak kwayans yo. Se devwa otorite sivil yo pou yo pwoteje pèsonalite ak renome tout pèp yo. Yo dwe fè sa yon fason ki efikas pou pèsòn pa soufri pou pretèks relijyon ou enfidelite, epi pou yo pa fè bagay ki endiy, pou yo pa fè vyolans, abi, oswa domaj sou okenn lòt moun kelkeswa sa l ye. Yo dwe pran dispozisyon pou tout asanble relijye oswa asanble eklezyastik fèt san yo pa deranje yo, san yo pa twouble yo.

4. Se devwa pèp la pou yo priye pou otorite yo, pou yo onore yo, peye yo enpo, oswa tout taks yo dwe yo, pou yo obeyi lòd legal yo pase, pou yo soumèt anba otorite yo pou motif konsyans. Si otorite yo enfidèl oswa si yo gen diferans nan domèn relijyon, sa pa anile otorite ki jis ak legal yo genyen. Sa pa bay pèp la dwa pou yo pa obeyi yo kòm sa dwa tou. Sa pa yon eksepsyon tou pou otorite legliz yo. Pap la non plis pa gen ni pouvwa ni jiridiksyon sou otorite nan peyi yo ni sou sitwayen yo. Ankò mwens, li pa kapab retire tètwa yo nan men yo, ni lavi yo, si li panse yo eretik oswa sou okenn lòt pretèks.

## **CHAPIT XXIV. - Sou Maryaj ak Divòs**

1. Maryaj dwe fèt ant yon gason ak yon fanm. Li pa legal pou yon gason gen plis pase yon madanm ni pou yon madanm gen plis pase yon mari an menm tan.

2. Bondye te etabli maryaj pou mari ak madanm ka ede youn lòt. Pou limanite ka grandi nan yon fason ki lejitim, pou legliz la ka grandi ak yon semans ki sen, epi pou anpeche bagay sal.

3. Li legal pou tout kalite moun ki gen jijman epi ki ka bay konsantman yo marye. Men se devwa kretyen yo pou yo marye nan Seyè a sèlman. Kidonk, sila yo ki pwofese vrè relijyon refòme a pa dwe marye ak enfidèl yo, papis yo, oswa lòt idolat yo. Moun k ap mache ak Bondye pa dwe mete tèt yo anba jouk maryaj ilegal, lè yo marye ak moun tout moun konnen ki mechan nan lavi yo, oswa moun k ap soutni erezi ki merite kondanasyon.

4. Maryaj pa dwe fèt ant moun ki gen menm degre san oswa degre paran Labib entèdi. Maryaj ensès sa yo, okenn lwa lèzòm ni konsantman moun k ap marye yo pa ka legalize yo pou moun sa yo ka abite ansanm kòm madanm ak mari.

5. Adiltè oubyen fònikasyon ki komèt apre yon kontra, si li detekte anvan maryaj, li bay pati ki inosan an dwa pou li kraze kontra a. nan ka adiltè apre maryaj, li legal pou pati ki

inosan an fè yon pwosè divòs, epi apre divòs la pou l marye ak yon lòt, kòm si pati ki ofanse l la te mouri.

6. Vrèmanvre koripsyon lòt ka chèche jwenn rezon pou separe nan yon fason ki ilegal sila yo Bondye mare ansanm nan maryaj. Men poutan, anyen lòt pa yon kòz ase pou kraze kòd maryaj la, esepite adiltè ak abandònman volontè ke legliz oswa otorite sivil pa ka korije. Nan ka sa a, yo dwe swiv yon pwosedi piblik an règ epi moun ki konsène yo, yo pa dwe kite yo swiv pwòp volontè yo ni abandone nan kondisyon yo.

## **CHAPIT XXV. - Sou Legliz la**

1. Legliz katolik oswa inivèsèl, ki envizib, genyen ladan l tout kantite eli yo, ki reyini oswa ki va reyini nan yon sèl kò, anba Kris kòm alatèt li. Li se madanm sila ki ranpli tout editout la; li se kò li, li se tout li.

2. Legliz vizib la ki se legliz katolik oswa inivèsèl tou, nan tan Levanjil la (ki pa limite pou yon sèl nasyon tankou anvan, sou tan lalwa), li konpoze ak tout moun ki fè pwofesyon vrè relijyon an atravè lemond, ansanm ak pitit yo. Li se wayòm Seyè Jezikris, kay ak fanmi Bondye. Andeyò li, pa gen posiblite òdinè pou moun sove.

3. Kris bay legliz katolik vizib sa a ministè, revelasyon ak òdonans Bondye pou rasanble epi fòme sen yo nan lavi sa a jouk rive nan fen mond lan. Avèk prezans Sentespri li, dapre promès li, li rann yo efikas pou sa.

4. Legliz katolik sa a, pafwa vin pi vizib, pafwa mwens vizib. Legliz lokal yo ki se manb li, yo plizoumwens pwòp, dapre jan yo anseye oswa anbrase doktrin Levanjil la, jan yo administre òdonans yo, ak jan adorasyon piblik oswa prive fèt plizoumwens kòm sadwa nan yo.

5. Legliz ki pi pwòp anba syèl la kapab gen ni melanj ni erè. Genyen kèk ki sitèlman dejenere, yo vin pa legliz Kris la ditou, men se sinagòg satan yo ye. Men poutan, va toujou gen yon legliz sou tè a pou adore Bondye dapre volontè li.

6. Pa gen lòt alatèt nan Legliz; se Seyè Jezi sèlman. Pap Wòm nan nonplis pa ka chèf legliz la nan okenn sans.

## **CHAPIT XXVI. - Sou Kominyon Sen yo**

1. Tout sen yo ki ini ak Jezikris ki se alatèt yo, pa mwayen Lespri li, ak lafwa, yo gen kominyon ak li nan gras li, nan soufrans li, nan lanmò li, nan rezireksyon li ak nan laglwa li. Epi paske yo ini youn ak lòt nan lanmou, yo gen kominyon nan don ak gras youn lòt, epi yo oblije akonpli devwa piblik ak prive ki mennen nan byen youn lòt, ni nan fon kè yo, ni nan kò yo.

2. Sen yo, akòz pwofesyon yo, dwe kontiye genyen yon kominyon ki sen nan adorasyon Bondye, epi nan akonpli lòt sèvis espiritiyèl ki mennen nan edifikasyon youn lòt. Epi tou nan soulaje youn lòt nan bagay nou wè ak je nou, dapre divès kapasite ak nesèsite yo

genyen. Toutan Bondye bay opòtinite pou sa, kominyon sa a dwe etann li a tout moun, toupatou k ap envoke non Seyè Jezi.

3. Kominyon sa a sen yo genyen ak Kris la pa fè yo patisipe nan divinite a nan okenn sans, ni li pa fè yo vin egal ditou ak Kris. Di youn ou lòt nan bagay sa yo se peche epi blasfèmen. Ni kominyon sen yo youn ak lòt pa retire tit ak dwa chak moun genyen sou byen yo ak bagay yo posede ni li pa anpyete sou yo.

## **CHAPIT XXVII. - Sou Sakreman yo**

1. Sakreman yo se siy ak so alyans lagras la. Bondye mete yo pou yo ka reprezante Kris la ak byenfè l yo, epi pou konfime enterè nou nan li. Li mete yo tou kòm yon diferans vizib ant sila yo ki pou legliz la ak rès mond lan, epi pou l angaje yo nan yon fason solanèl nan sèvis Bondye nan Kris, selon Pawòl li.

2. Genyen nan tout sakreman yon relasyon espiyèl, oswa yon inyon sakre ant siy lan ak sa l vle di. Konsa sa konn rive ke non ak rezilta youn konn pase pou lòt.

3. Gras yon sakreman montre lè nou byen itilize li, se pa puisans ki nan sakreman an menm ki fè sa. Menm jan an tou, sa ki fè yon sakreman efikas, se pa pyete oswa entansyon moun ki administre l la men se travay Sentespri a, ak Pawòl enstitisyon an, ki genyen ladan l yon pwomès byenfè pou moun ki resevwa yo yon fason ki diy, ansanm ak yon kòmandman ki ban nou dwa pou sèvi ak yo.

4. Genyen sèlman de sakreman Kris Seyè nou an te òdone nan Levanjil la. Sakreman sa yo se batèm ak lasentsèn. Okenn lòt moun pa dwe administre ni youn ni lòt si se pa yon minis Lapawòl ki òdone legalman.

5. Sakreman Ansyen Testaman yo, si nou konsidere siyifikasyon espiyèl yo te genyen e demontre, yo se menm bagay, nan sa yo ye, ak sakreman Nouvo Testaman yo.

## **CHAPIT XXVIII. - Sou Batèm**

1. Batèm se yon sakreman Nouvo Testaman an Jezikris te òdone pou yon antre solanèl moun ki batize a nan legliz vizib la, men tou pou l kapab sèvi pou moun sa a kòm yon siy ak yon so alyans lagras la, kòm siy ak so grefaj li nan Kris, rejenerasyon, padon pou peche, ak jan li remèt tèt li bay Bondye, nan Jezikris, pou l ka mache nan yon lavi novèl. Sakreman sa a, dapre kòmandman Kris la, li dwe kontinye nan legliz li a jouk nan fen mond lan.

2. Eleman vizib ki dwe sèvi nan sakreman sa a se dlo moun nan dwe batize a, nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a. Sa dwe fèt pa yon minis Levanjil ki resevwa yon apèl legal pou sa.

3. Plonje moun nan nan dlo pa nesèsè ; men batèm nan administre yon fason ki kòrèk nan vide oswa aspèje dlo sou moun nan.

4. Se pa sèlman moun ki fè pwofesyon lafwa reyèlman nan Kris oswa ki obeyi li ki dwe batize, men tou pitit yon paran ki kwè oswa toulede paran yo.

5. Se vre se yon gwo peche si nou kondane oubyen neglije òdonans sa a. Men lagras ak sali pa si tèlman atache ak li pou fè yon moun pa ka rejenere oswa sove san li, oswa tout moun ki batize pou yo ta rejenere san okenn dout.

6. Pou batèm nan efikas, sa pa mache ak moman oswa tan kote li te fèt la. Poutan, si nou byen itilize òdonans sa a, gras Bondye pwomèt la, Sentespri a pa ofri nou l ase, men li moutre nou l vrèman epi li akòde nou l (ni granmoun ni timoun), nou ki genyen gras sa a dapre konsèy pwòp volonte Bondye, nan tan li menm li fikse.

7. Sakreman batèm nan dwe administre yon sèl fwa pou kelkeswa moun.

## **CHAPIT XXIX. - Sou Lasentsèn**

1. Nan lannwit yo te livre l la, Seyè nou Jezi te tabli sakreman kò li ak san li, ki rele lasentsèn, pou nou obsève nan legliz li, jouk rive nan fen mond lan, pou nou ka toujou sonje sakrifis kò li nan lanmò li. Pou l ka sèvi kòm yon so pou tout byenfè li yo pou tout vrè kwayan, kòm nouriti espirityèl yo ak kwasans yo nan li, kòm plis angajman yo nan tout devwa yo genyen pou li ; epi pou l ka sèvi kòm pwomès ak garanti kominyon yo ak li, epi ak youn lòt kòm manm kò mistik li.

2. Nan sakreman sa a, Kris pa t ofri tèt li bay Papa l; li pa fè non plis okenn sakrifis reyèl pou padon peche vivan yo ak mò yo. Se sèlman yon komemorasyon pou sèl fwa sa a li te ofri tèt li limenm sou lakwa, yon fwa pou tout, ak yon ofrann espirityèl tout louwanj ki posib pou Bondye pou menm ofrann sa a. Konsa, sakrifis lamès Pap la (jan yo rele l la), se yon gwo abominasyon ak yon prejidi pou sèl sakrifis Kris la, ki se sèl satisfaksyon pou tout peche eli yo.

3. Nan òdonans sa a, Seyè Jezi tabli minis li yo pou yo deklare Pawòl enstitisyon an bay pèp la; pou yo priye epi beni eleman yo ki se pen an ak diven an, epi konsa pou yo mete yo apa soti nan yon izaj komen pou ale nan yo izaj ki sen. Pou yo pran pen an pou yo kase l, pou yo pran koup la epi (yo kominye tou yo menm) pou yo bay kominyan yo toulede. Men pinga yo bay moun ki pa prezan nan kongregasyon an.

4. Mès prive, resevwa sakreman sa a nan men yon prèt oswa nan men nenpòt lòt moun, menm jan ak refize pèp la koup la, adore eleman yo, leve yo anlè oswa pronmennen ak yo pou adorasyon, rezève yo pou yon pretandi sèvis relijye, tout sa yo kontrè ak sa sakreman an ye epi ak fondasyon Kris te mete a.

5. Eleman vizib nan sakreman sa a ki apa pou sèvis Kris te òdone yo, tèlman mare ak Kris ki te krisifye a, pafwa an verite, men nan yon fason sakre, yo pote menm non ak sa yo reprezante a, sa vle di: kò ak san Kris la. Poutan nan sa yo ye, yo toujou rete vrèman pen ak diven, jan yo te ye anvan.

6. Doktrin sa a ki kenbe afè chanjman pen an ak diven an, pou di yo tounen kò ak san Kris (tout moun rele sa transibstansyasyon), lè yon prèt konsakre yo oswa nenpòt lòt

fason, se yon doktrin ki bay repiyans, pa pou Lekriti sèlman, men tou pou bon sans ak lazez. Li vire sans sakreman an epi sa lakòz divès kalite sipèstisyon ak gwo idolatri.

7. Moun ki resevwa sakreman sa a ak diyite epi ki patisipe nan eleman vizib yo, yo resevwa andan yo pa lafwa, reyèlman, se pa yon fason ki chanèl, ni nan kò a, men yon fason espiyèl, yo resevwa Kris ki te krisifye a ak tout byenfè lanmò li epi yo nourri nan li. Kò Kris ak san li prezan nan eleman yo pou lafwa kwayan yo nan òdonans sa a; li pa prezan nan kò oswa nan lachè nan pen an ak nan diven an, avèk yo oswa anba yo, men li prezan espiyèlman, reyèlman nan lafwa kwayan yo nan òdonans sa a, menm jan eleman yo prezan nan sans vizib yo.

8. Se vre lèzòm inyoran ak mechan resevwa eleman vizib nan sakreman sa a, men yo pa resevwa bagay yo vle di a. Men paske yo vini nan yon fason ki pa diy, yo koupab anvè kò ak san Seyè a, pou pwòp kondanasyon yo. Kidonk, tout inyoran yo ak pechè yo, menm jan li pa konvenab pou yo rejwi yo nan kominyon ak Seyè a, yo pa diy pou pwoche bò tab li a epi yo pa kapab patisipe nan mistè sakre sa yo san yo pa komèt peche grav kont Kris, tout tan yo rete nan kondisyon sa a, ni yo pa ka admèt yo nan sakreman sa a.

### **CHAPIT XXX. - Disiplin Legliz la**

1. Kòm Wa ak Alatèt Legliz li, Seyè Jezi mete yon gouvènman nan men ofisye Legliz la, yon gouvènman ki diferan ak gouvènman sivil.

2. Li konfye ofisye sa yo kle wayòm syèl la. Avèk sa, yo gen pouvwa pou yo kenbe oswa remèt peche; pou fèmen wayòm sa a kont enpenitan yo, pa mwayen la Pawòl ak disiplin; epi ouvri wayòm nan pou pechè ki repanti, pa mwayen ministè Levanjil ak padon pou ofans, lè okasyon an mande sa.

3. Disiplin legliz nesèsè pou rabat epi genyen frè yo ki tonbe nan peche, pou dekouraje lòt yo pa tonbe nan menm peche sa yo, pou retire leven sa a ki ka enfekte tout pat la, pou vanje onè Kris ak pwofesyon sakre Levanjil la, pou prevni kòlè Bondye, ki ka tonbe nan tout jistis sou legliz la si yo kite pechè rebèl tout moun konnen pwofane alyans li a ak so alyans la.

4. Pou yo ka atenn bi sa yo pi byen, ofisye legliz yo dwe bay avètisman, sispannyon sakreman lasantsèn pandan yon tan, epi eskominikasyon soti nan legliz la, dapre nati krim nan ak fot moun nan.

### **CHAPIT XXXI. - Sou Sinòd ak Konsil**

1. Pou yon pi bon gouvènman ak edifikasyon legliz la, dwe genyen asanble sa yo ki rele Sinòd oswa Konsil. Se sipèvizè ak dirijan legliz lokal yo, dapre ofis yo, ak pouvwa Kris ba yo, pa pou destriksyon men pou edifikasyon, pou yo tabli asanble sa yo, epi pou konvoke yo tout tan yo twouve se yon avantaj pou byen legliz la.

2. Se travay sinòd yo ak konsil yo nan ministè yo pou yo deside sou diskisyon lafwa ak ka konsyans, pou mete règleman epi bay direksyon pou pi bon lòd adorasyon piblik

Bondye, ak gouvènman legliz li, pou resevwa plent nan ka movèz administrasyon, epi tranche kesyon sa yo ak otorite. Dekrè sa yo ak detèminasyon sa yo, si yo annakò ak Pawòl Bondye a, nou dwe resevwa yo ak respè epi soumisyon. Se pa paske yo annakò ak Pawòl la ase, men tou akòz pouvwa ki pran yo a se yon òdonans Bondye mete pou sa nan Pawòl li.

3. Tout sinòd oswa konsil, depi sou tan Apòt yo, ke yo jeneral oswa patikilye, yo ka fè erè, epi anpil nan yo fè erè. Kidonk, yo pa ka fè yo tounen règleman lafwa oswa règleman pratik, men yo dwe sèvi kòm yon èd nan tou de.

4. Sinòd ak konsil pa dwe trete anyen oswa fè konklizyon sou anyen, si se pa kesyon eklezyastik sèlman. Yo pa dwe fòme bouch yo nan zafè sivil ki konsène peyi, sèlman nan ka petisyon pou yon demann ak respè nan kèk ka estraòdinè, oswa pa mwayen konsèy, pou satisfè konsyans, si gouvènman sivil ta mande yo sa.

## **CHAPIT XXXII. - Sou Eta Lèzòm apre Lanmò, ak sou Rezireksyon Mò yo.**

1. Kò lèzòm, apre lanmò, retounen nan pousyè epi wè kòripsyon. Men nanm yo ki pa ni mouri ni dòmi retounen al jwenn Bondye ki te ba yo l la, paske li gen yon ekzistans ki pa ka mouri. Nanm moun ki jis yo, vin gen pèfeksyon nan sentete epi Bondye resevwa yo nan syèl ki pi wo yo, kote y ap kontanple fas Bondye, nan limyè ak nan laglwa, pandan y ap tann redanmsyon total kò yo. Nanm mechan yo menm jete nan lanfè, kote yo rete nan touman ak fènwa total, nan tann jijman gran jou a. apre de kote sa yo, pou nanm ki separe ak kò yo, Lekriti pa rekonèt okenn lòt.

2. Nan dènye jou a, sila yo ki rete vivan yo p ap mouri, men yo va chanje, epi tout mò yo va resisite, avèk kò parèy sa yo te genyen an, e pèsòn lòt (se vre se ak kalite ki diferan). Kò sa yo va ini ankò ak nanm yo pou tout tan.

3. Ak pouvwa Kris la, kò moun enjis yo va resisite pou dezonè. Ak Lespri Kris la, kò jis yo va resisite pou lonè epi yo va vin konfòm ak pwòp kò laglwa li a.

## **CHAPIT XXXIII. - Sou Dènye Jijman**

1. Bondye plase yon jou kote li va jije lemoun nan la jistis, pa mwayen Jezikris, li menm Papa a remèt tout pouvwa ak jijman. Nan jou sa a, se pa sèlman zanj aposta yo ki va jije men tout moun ki viv sou latè va parèt devan tribinal Kris la, pou rann kont sou panse yo, pawòl yo, ak zèv yo, epi pou yo resevwa dapre sa yo te fè nan kò yo, swa byen swa mal.

2. Bi Bondye ki fè li plase jou sa a se pou manifestasyon laglwa li ak mizerikòd li, nan sali etènèl eli yo ; pou manifestasyon jistis li nan kondanasyon kondane yo ki mechan e dezobeyisan. Lè sa a jis yo va ale nan lavi etènèl, epi yo va resevwa lajwa total ak rafrechisman sa a ki va soti nan prezans Seyè a. Men mechan yo ki pa konnen Bondye epi ki pa obeyi Levanjil Kris la, yo va jete yo nan touman etènèl, epi yo va pini ak destriksyon etènèl deyò prezans Seyè a ak laglwa pouvwa li.



3. Menm jan Kris vle nou gen konviksyon ap gen yon jou jijman pou dekouraje tout moun fè peche epi pou pi gran konsolasyon sen yo nan advèsite yo, menm jan an tou, li kite lèzòm pa konnen jou sa a, pou yo ka souke kò yo anba sekirite chanèl yo, epi pou yo toujou veye, paske yo pa konnen kilè Seyè a ap vini, epi pou yo ka toujou pare pou di: Vini Seyè Jezi, vini vit. Amèn.

Pòtoprens, 30 Novanm 2012

**Tradiksyon Kreyòl: Octavius Delfils**

**Eglise Presbytérienne Réformée de Delmas, Port-au-Prince, Haiti.**